# НÆУÆГ АНЗИ ХУАРЗÆНХÆ УÆ УÆД!

2025

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

0+

№49 (969) 2024 анзи 27 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман


## ЗÆРДÆБÆЛДАРÆН ЦАУ




### НÆ ЦИТГИН УÆЛАХЕЗИ НАМУС ÆЙ ÆНОСОН!..

Нæ бæсти Президент **Владимир Путин** æрæги куд фегъосун кодта, уотемæй 2025 анз Уæрæсей нимад цæудзæнæй нæ Цитгин Уæлахези Анзбæл.

Еци хабарбæл нæ дзиллæ исæмбалдæнцæ хъæбæр аразийæй. Е хумæтæги нæй – нæ Фидибæсти анзфинстити ахсгиаг цаутæн сæ тæккæ агъазиаудæртæй еу æй нæ Цитгин Уæлахез, зæгъгæ, ку зæгъæн, уæд уомæй бауæндетæ, раст уодзинан. Уæдта ма зæгъун гъæуй уой дæр, æма айдагъ нæхе бæсти нæ, фал ма саунгæ фæсарæйнаг паддзахæдти дæр рæстуод дзиллитæ кадгинæй æй бæрæг кæнунцæ. Уомæн æма, лæдæрун ке фæндуй, етæ 'й лæдæрунцæ: Советон Цæдеси Уæлахези фæрци æнæгъæнæ дуйне дæр фæййервазтæй фашизми цагъардзийнадæй.

Нæ Цитгин Уæлахези 80 анзей кадæн мах нæ газети еудадзуг дæр мухур кæнуйнаг ан аллихузон тугъдон æрмæгутæ, уæлдайдæр ба не 'хсаргин тугъдонти туххæй. Уадзæ æма, еци Уæлахез ке хъазауати фæрци бантæстæй, уони рохс нæмттæ кæрæй-кæронмæ дæр зундгонд уонцæ, уадзæ æма фæлтæрæй-фæлтæрмæ нæ адæми æскъуæлхтдзийнади кади цитгиндзийнадæ ма нидæн кæна.

Нæ газети абони номери 4-5-аг фæрстæбæл мухур кæнæн Белоруссий зæнхæбæл партизанон æзмæлди зингæ архайæг, сахартæ Мински æма Дзæуæгигъæуи кадгин гражданин Хæтæгти Александри фурт Харитони туххæй.




**Дуйней исконд денгизи хузæн æй, æма си цард ба уой уолæнтæбæл устур науи хузæн накæ кæнуй размæ, æ зæрдæхцæуæн нисантæмæ. Уогæ еци уолæнтæ еу рæстæг æнцад æма уодæн æхцæуæн фæуунцæ, хатгай ба истингун унцæ, нæ цардиуагæн берæ æверхъаудзийнæдтæ бавзарун кæнунцæ.**

**Æма мæнæ нур, Нæуæг анзи къæсæрбæл нæ Исфæлдесæгæй корæн уой, цæмæй нин анзи дæргъи нæ цардиуагæ хъоргонд ма цæуа цидæр æзнæтдзийнæдтæй, цæмæй нæ цардарæзти науæн æ балций уавæртæ уонцæ зæрдæмæдзæугæ, цæмæй си нæ бæлдити æма фæндонти рауæнтæбæл æдзæстхезæй исæмбæлæн!..**

**Нæ еци нисантæ æма бæлдитæ лæдæрддæр куд уонцæ, уомæ гæсгæ ба ракæсæн, ка евгъуйуй еци анз куд рауадæй, ци ес хуарзæй, уони ба нæ идарддæри балций райсунæн.**

## БÆРÆГБОНИ АРФИТÆ



### НÆ ЦАРДАРÆЗТИ САБУРДЗИЙНАДÆ ÆМА АМОНД ÆРФЕДАР УÆНТÆ!..

Нæ хъазар æмбæлттæ æма æмкосгутæ! Культури косгути Еумæйагуæрæсеуон профцæдести Цæгат Иристойнаг республикон организаций номæй уин зæрдиагæй арфæ кæнун Нæуæг анзи бæрæгбони фæдбæл.

Евгъуд анз нин куд алкæмæн дæр, уотæ нæ Фидибæстæн дæр уоййасæбæл æнцон анз нæ адтæй, фал зиндзийнæдтæн бафæразгæй, нæ бон иссæй, нæ цардиуагæ цæмæй ма фæккеуа, уобæл байархайун.

Евгъуд анзи ци нисангонд адтæй, уонæй берæ æнхæстгонд æрцудæй, цидæртæ ба нæ бантæстæй, уомæн æма царди рæстæг махæй цурддæр уайуй.

Æнхæст кæнун ба сæ æнæмæнгæ гъæуй. Цæгат Иристон æй тухгин бæласæ федар уедæгти хæццæ, кæцитæ нæ дарунцæ аци зæнхæбæл. Нæ фидтæлтиккон зæнхæ ба махæн алкæддæр хъауритæ лæвардта хуæздæр унæн, уæлахезон унæн. Еу бийнонтау, алкæддæр гъæуама ауодæн æма гъæуай кæнæн еумæйагæй нæ фидиуæзæг, нæ кæрæдзей.

Мæ зæрдæ уин зæгъуй æнæнездзийнадæ æма амонд!

Нæуæг 2025 анзи хуæрзтæй хайгин уæд нæ Иристон! Нæуæг хабæрттæ, игъæлдзæг цаутæ, нæуæг нисантæ нин æрхæссæд!

Уадзæ æма алли хæдзарæй дæр игъуса цийни кувд æма игъæлдзæгдзийнадæ!

***Арфити хæццæ ГОДЖИТИ Еленæ, културi косгути Еумæйагуæрæсеуон профцæдеси Цæгат Иристони республикон организаций сæрдар.***

**НÆ НÆУÆГАНЗОН АРФÆ:** ***«Нæ Иристони дзиллæ! Нæуæг анзи хуарзæнхæ уæд уæ еугурейдæр! Уæ цард райдзаст уæд цийни хабæрттæй, игъæлдзæгдзийнæдтæй, хуарздзийнæдтæй уæ бийнонти фарнæ куд иpæза, уæ кæстæрти арфиаг гъуддæгутæй боз æма сæрустур куд уайтæ!..»***

***Нæуæг Анзи бæрæгбон уæлдай хъæбæрдæр исфедауй сæрмагондæй фæлгонцгонд Нæзи бæласæй. Уæлдай цийнаг ба исуй сабийтæн, дессаг син фæууй æ рæсугъддзийнадæй, уой хæццæ ба ма æхцæуæн дæр – æ рæбун ин иссерунцæ Метин Дадай лæвæрттæ. Фæстаг цалдæр анзей (бæлвурддæрæй ба 2018 анзæй фæстæмæ) дæргъи ба ма син уæлдай æхцæуæн исуй еума нæуæгдзийнадæй – бæрæгбони размæ арæзт æрцæуй Еугуруæрæсеуон хуæрзауодæн мадзал «Фæндæнтти Нæзи бæласæ». Куд иннæ æнзти, уотæ бабæй нур дæр аци мадзал æнхæстгонд цæуй Цæгат Иристони дæр. Уой туххæй дзубандий размæ ба нæ фæндуй æримисун, назу цæмæн æма кутемæй иссæй Нæуæг Анзи нисан.***


Сергей МЕНЯЙЛО мадзал «Фæндонти нæзи бæласæ»-йи архайгæй.

# ЦИЙНÆДЗИЙНАДÆ ХÆССÆГ БÆЛАСÆ

Еу таурæхъмæ гæсгæ Киристей райгурди æхсæвæ зайæгойтæ еугурæй дæр рараст æнцæ Хуцауи фуртæн раковунмæ; пальмæ, бæрзæ, толдзæ, тæгæр, гæдибæласæ, кедр, хæрес æма æндæртæ. Идард Цæгатæй ба æрбацудæй минкъий хумæтæг назу. Æ бакастгин æмбæлттæ си фефсæрми ’нцæ, сæ пæлæхсар къалеути буни æй рауурстонцæ æма се ’хсæнæй зингæ дæр нæбал кодта. Уалинмæ арвбæл базмалдæнцæ стъалутæ, æртумбул æнцæ, кафун райдæдтонцæ, уæдта еугæйттæй сæхе æруагътонцæ минкъий нæзи бæласæбæл. Бæстæ исæрттивта, тæмæнтæ искалдта уой рæсугъддзийнадæй, æма уæдæй нурмæ рохс кæнуй адæми зæрдитæ.

Æндæр таурæхъ ба дзоруй, зæгъгæ, изæдтæ гъæдæмæ еумæ фæццудæнцæ дуйнейæн цийнæдзийнади бæласæ æвзарунмæ. Байамудтонцæ федар толдзæмæ, фал си еу нæ исарази æй:

– Нæ, нæ ин ес æвзарæн, уомæй адæм сæ мæрдтæн киртæ кæнунцæ, уæдта си цирти уæле циртдзæвæн æвæрунцæ.

Бацудæнцæ бæрзæмæ æма бабæй дуккаг изæд дзоруй:

– Нæ нин бæззуй аци бæласæ дæр, уомæн æма ин æ уесгъæдæй ахид пайда кæнуй лæг æхси хузи фудгинти бафхуæрунмæ.

– Мадта хæрес, – зæгъунцæ.

Уобæл бабæй не ’сарази æй æртиккаг:

– Цийнæдзийнади нисанæн нæ бæззуй хæрес. Фулдæр рæстæг кæугæ кæнуй.

Берæ фæззилдæнцæ еци бон гъæди изæдтæ, фал алли бæласæмæ дæр ести фау æрхæссæн адтæй. Фæстагмæ исæмбалдæнцæ хуæрзконд пæлæхсар нæзи бæласæбæл.

– Зæрдæмæдзæугæ бакаст ин ес, – зæгъуй си еу.

– Куд æхцæуæн æй æ тæф, – дзоруй иннæ.

– Сæрдæй-зумæгæй еци-еу аййев фæлусти, – бафтудта æртиккаг.

Уоййадæбæл сæ еугурдæр еузæрдиуонæй исарази æнцæ, æрхастонцæ ’й адæмæн æма син цийнæдзийнадæ æ хæццæ хæссуй.

Никки ба ма ес æндæр рагон таурæхъ. Нæуæг анзи æхсæвæ еу мæгур гъæдгæси бийнонтæ стонгæй арти алливарс æрæмбурд æнцæ æма гъенцъун кæнунцæ. Уалинмæ сæмæ кадæр æрбахуаста. Хæдзари хецау дуар байгон кодта, æма раuидта, къæсæрбæл нæзи бæласи буни куд лæудтæй æма кудтæй сувæллон, уой. Фусунтæ ’й уайтæккædæр медæмæ бахудтонцæ, баййивтонцæ ин æ зæронд дарæс, хуæруйнаги мортæ ин равардтонцæ æма ’й ниххуссун кодтонцæ. Сæумæй бийнонтæ райгъал æнцæ изæдти зарунмæ, сæ астæу – сæ иуазæг. Уæд балæдæрдтæнцæ, æхсæвæ сæмæ Кprophetисте сувæллони фæлгонци ке ’рбацудæй сæ бафæлварунмæ. Расаста нæзи бæласи къалеу, ниссагъта æй хæдзари астæу æма зæгъуй гъæдгæсæн:

– Мæнæ уин мæ лæвар, хæлар адæм, цæретæ аразийæй æма амалгинæй, амæй фæстæмæ уæмæ цард æ медбилти ходдзæнæй. Аци бæласæ ба уин алкæддæр уæ зæрдæбæл мæн лæуун кæнæд...

Етæ таурæхътæ ’нцæ, фал бæрæг-бæлвурд куд æй, уотемæй нæзи бæласæ фиццагидæр аразун райдæдтонцæ немуцæгтæ XVI æноси райдайæни. Уордигæй рапарахат æй аци фæткæ Европи иннæ бæститæбæл. Зæгъæн, Парижи къарол Луи Филипп æй фиццаг хатт исæвардта æ галауани 1840 анзи. Фал, Франций дæргъвæтийнæ рæстæг Нæуæг анзи æхсæвæ нæзи согæй арт æндзаруни æгъдау ке адтæй, уомæ гæсгæ адæм нæ хæлæф кодтонцæ нæуæгдзийнадæ райсунмæ.

Англиси королевæ Викторийæй 1841 анзи курдта немуцаг принц Альберт Саксен-Кобургский. Е ин балæвар кодта сугъзæрийнæ фæлуст нæзи бæласæ. Адæм еци дессаги рæсугъддзийнадæ фæууинунмæ цудæнцæ, æма иннæ анзи ба берæ цæрæн хæдзæртти фæззиндтæй нæзи бæласæ. Исауигътонцæ ибæл, адгин къинсæй конд цæрæгойти нивтæ, сæ фулдæр адтæнцæ аргъæуттæй ист сирдти фæлгонцтæ.

Уæрæсей ба аци нæуæгдзийнадæ фæззиндтæй паддзах Петр Фиццаги хъæппæресæй – Европи æ фиццаг балций уогæй фæуууидта аци гъуддаг, æ зæрдæмæ фæццудæй æма исфæндæ кодта, цæмæй æй нæ паддзахади дæр бафæнзонцæ. Уæди рæстæгути Уæрæсей æрцудæй берæ æййивддзийнæдтæ, сауæнгæ ма уæхæн бардзурд дæр равардта, цæмæй фадуат кæмæн ес, етæ Нæуæг анзи нæзи бæлæстæ сæ хæдзæртти æвæронцæ. Фал е сæ къохи æфтудæй айдагъдæр гъæздугутæн. Фæстæдæр, XIX æноси райдайæни, аци бæласæ рапарахат æй æма æнæ уомæй Нæуæг анзбæл некебал æмбалдæй. Гъæздугутæ сæ медастæу ерис кодтонцæ, æ нæзи бæласæ кæмæн устурдæр æма рæсугъддæр уодзæнæй, зæгъгæ. Сауæнгæ ма хæснæ дæр ракæниуонцæ. Гъе уотемæй нæмæ æрхъæрттæй абони уæнгæ нæзи бæласæ.

***ДОЙАТИ Индирæ***

* * *

Нур ба нæ идарддæри дзубанди æй «Фæндонтæ æнхæстгæнæг Нæзи бæласи» туххæй. Аци мадзал уотид бæрæгбон нæй, фал ма ’й кæстæртæн зæрдæхцæуæн лæвæрттæ ракæнуни равгæ дæр.

Уомæ гæсгæ ба имæ уæлдай хъæбæрдæр фенгъæлмæ кæсунцæ сувæллæнттæ.

«Фæндонтæ æнхæстгæнæг Нæзи бæласæ»-бæл æнæуой гъазæнти хæццæ ма æрауиндзунцæ, сувæллæнттæ ке ’рбарветунцæ, еци открыткитæ дæр. Уоми ба финст фæуунцæ сæ фæндонтæ. Хуарз ракæнун ке зæрди æй, еци адæмæй алке бон дæр æй еци бæрæгбони архайун æма кæстæртæй ескети зæрдитæ барохс кæнун, сæ фæндонтæ син исæнхæст кæнун.

Мæнæ нур дæр бабæй Цæгат Иристони арæзт æрцудæй уæхæн мадзал. Уоми архайдтонцæ нæ республики сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, Парламенти сæрдар **Тускъати Таймураз**, Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**, нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади администраций разамонæг **Гобети Ибрагим**, министрти кабинети иуонгтæ, республики уæлдæр ахурадон уагæдæнтти ректортæ. Архайдтонцæ си Уæрæсей Федераций Бæгъатæртæ **Артур Орлов** æма **Абайти Юрий** дæр.

Фиццаг æртæ финстæги райста Сергей Меняйло. Е Нæуæг анзмæ æртæ сабийемæй еуемæн балæвар кæндзæнæй велосипед, иннемæн квадрокоптер, æртиккагæн ба – æртайæн донуатдарæн. Республики Сæргълæууæг ракурдта е ’мгустгæнгутæй дæр, цæмæй етæ дæр Нæуæг анзи размæ байархайуонцæ кæстæрти курдиæдтæ исæнхæст кæнунбæл.

Тускъати Таймураз æма Дзанайти Барис ба сабийтæн балæвар кæндзæнæнцæ «догъуайæн над», синтезатор, колонкæ æма планшет.

Аци мадзал арæзт цæуй 2018 анзæй фæстæмæ. Уæдæй ардæмæ Уæрæсей æнхæстгонд æрцудæй 107 мин сабийей фæндонтæ – 2,7 миллиард сомей аргъ.

Еу загъдæй, аци хуæрзауодæн гъуддаги фæрци Нæуæг анзи хуæдразмæ Нæзи бæласæ кæстæртæй беретæн исуй æцæгæйдæр амондхæссæг Бæласæ, сæ зæрдитæ син барохс кæнуй, сæ бæлдитæ уой фæрци ке исæнхæст æнцæ, уомæй.

## МАДЗАЛ «ФÆНДОНТИ НÆЗИ БÆЛАСÆ»-ЙИ АРХАЙДТОНЦÆ...


Нæ республики Парламенти Сæрдар ТУСКЪАТИ Тайморaз.


Нæ республики сæрдари хуæдæййевæг ПЛАТИ Альбинæ.


Нæ республики Сæргълæууæги æма Хецауади Администраций разамонæг ГОБЕТИ Ибрагим.



# НÆУÆГ АНЗ КУД БÆРÆГ КОДТОНЦÆ НÆ ФИДТÆЛТÆ

***Рагдзаманти дæр нæ фидтæлтæмæ Нæуæг анз адтæй кадгин бæрæгбон, бийнонти бæрæгбон. Цийнæ ибæл кодта алкедæр – мæгур уа, гъæздуг. Нæуæг анзмæ берæ хуарздзийнæдтæмæ æнгъæлмæ кастæнцæ еугурæйдæр. Сæ зæрдæ дардтонцæ, нæуæг амонд, нæуæг бæркад син ке æрхæсдзæнæй, уобæл. Ирон адæм Нæуæг анз куд бæрæг кодтонцæ, уомæн хуарз æвдесæн æнцæ æндæрбæстаг ахургæндти, финсгути гъудитæ æма дзубандитæ.***



**Всеволод МИЛЛЕР**
**(1848-1913)**
академик

«Нæуæг анз, дигоронау ба Анзисæр бæрæг кæнунцæ декабри фæстаг кенæ уой размæ майрæнбони. Гъе уомæ гæсгæ æрцæуй уруссаг бæрæгбон Колядай хæццæ еу афони. Зæгъун гъæуй уой, æма е баст æй зуймон хорхæтæни хæццæ, киристон дини цидæр тæваги хæццæ. Аци бæрæгбонæн æ рагон ирон ном куд адтæй, е бæрæг нæй. Æ нури ном Нæуæг анз – нæуæг бон, æвæдзи, цæуй рагкиристон дзаманæй, январæй нимад нæуæг анзæй, уомæн æма зин зæгъæн æй, ирæнтти рагфидтæлтæмæ нæуæг анз январæй райдæдта, е. Бæрæгбони еуæй-еу æуууæлтæ 'й хъæбæр бæттунцæ хорхæтæни хæццæ, уæдта уруссаг бæрæгбон Колядай хæццæ. Бæрæгбони æхсæвæ сæмæ нимад æй табуйагбæл. Уæдмæ æфсинттæ искæнунцæ аллихузи берæ къеретæ, уæдта адæми, цæрæгойти аллихузи дзаумæутти фæлгонцтæ æвдесæг луаситæ, æрцæттæ кæнунцæ басилтæн лæвæрттæ. Хетæгкати Таймораз мин куд радзурдта, уотемæй Нари цæргутæ Нæуæг анз исбæрæг кæнунцæ уотæ: мæнæуи инсадæй исфицунцæ еу агъазиау гудун, хонунцæ 'й деда (гурдзиагау мадæ) æма берæ æндæртæ – минкъийтæ (бицщеутæ-бæдæлттæ), ес син аллихузи косæндзаумæутти нæмттæ: дзубур, æфсойнæ, похци æма æндæртæ. Минкъий къеретæ бахуæрун кæнунцæ, бийнонтæй хумæ ка кæндзæнæй, уонæн. Æрцæттæ кæнунцæ æхцинтæ дæр, хонунцæ сæ басилтæ, уæдта агъазиау къере, хонунцæ æй Æртхорон. Аци агъазиау гудун гъæуама бахуæронцæ бийнонтæ, ескæмæн дæттун си не 'нгъезуй. Е хæссуй дзиуарæ Æртхорони ном.

Бæрæгбонмæ цæттæгæнæн куститæ ку фæуунцæ, гъома, бæгæнийæй, арахъæй, хуайрагæй, фуси фид æма æндæртæ фингæбæл æвæрд ку 'рцæунцæ, уæд еугур бийнонтæ дæр æрбамбурд унцæ. Нæлгоймæгтæ рабадунцæ æхсæвæри фингæбæл. Хæдзари хецау æгъдаумæ гæсгæ ци дæргъвæтийнæ кувд ракæнуй, уоми фæззæгъунцæ, Нæуæг анзмæ цæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, уони æма ракоруй Устур Хуцауæй, батабу имæ кæнуй, арфæ ин ракæнуй, ка рандæй, еци анзи туххæй, æ бийнонтæн кæд хуарзæй неци фæцæй, уæддæр. Зæрондæй неци феронх уй, æ бийнонтæн ракоруй, цæмæдæриддæр æнгъæлмæ кæсунцæ, уони еугурæйдæр. Уомæн æма хъæбæр æуууæндунцæ еци рæстæг, гъома, анзи райдайæни Хуцау фæиуаруй нæуæг анзи еугур хæрзтæ дæр. Æхсæвæр ку рахецæн уй, уæддæр бийнонтæ нæ нихxуссунцæ, æнгъæлмæ фæккæсунцæ басилтæн сæ арфитæмæ. Гъæуи еугур бицщеутæ æма æригон фæлтæр минкъий къуæрттæ-къуæрттæй фæззелунцæ заргæй хæдзаргай. Сæ фулдæр фæуунцæ гъунтъуз ходти æма усхъуммæхат кæрцити, ку фæззарунцæ æма фæккафунцæ, уæд уой фæсте согфадæнмæ бацæунцæ, соги фадæггæгтæ си æрæмбурд кæнунцæ æма сæ кезугæй хæдзари пеци рази æркалунцæ. Нæуæг анзи уæбæл уал хуарздзийнади æрцæуæд, зæгъæ.



**Андрей ШЕГРЕН**
**(1794-1855)**
академик

Нæуæг анзи бæрæгбон иронау хуннуй Нæуæг анз. Ирæнттæ еци бон бæрæг кæнунцæ æмхузон игъæлдзæгæй Нæуæг анзи агъоммæ бицщеутæ искæнунцæ æртитæ, æхсæвæй-бонмæ фæссодзунцæ, æма сæ Нæуæг анзи сæумæ дæр нæ нихxуссун кæнунцæ. Хестæртæ æхсæвæй-бонмæ кæнунцæ топпæй гæрæхтæ. Уой фæсте кæрæдземæ цæунцæ арфитæ кæнгæй. Арфæ кæнунмæ ка цæуй, е æ хæццæ 'рбахæссуй армидзаг гъæмпихæлттæ кенæ соги фадæггæгтæ æма сæ багæлдзуй хæдзари арти, хæдзари хецауæн анзи дæргъи уотæ æ къохтæ идзаг куд уонцæ æма æ бийнонти цардбæл арти хузæн хуæрзæрдæмæ куд ахеда, уой нисанæн. Уой фæсте кæрæдзей исиуазæг кæнунцæ. Фæткæ уотæ амонуй, цæмæй еугурæйдæр бацæуонцæ сæ кæрæдземæ уотемæй æма сæмæ, хуæздæр ци ес, уомæй куд исиуазæг кæнонцæ. Уой тухxæй алли хæдзарæ дæр æхсæз къуæрей раздæр Нæуæг анзмæ сæрмагондæй хæссун райдайуй тохъул.

Дуккаг бон бицщеутæ фæззелунцæ хæдзæрттæбæл æма зарунцæ Нæуæг анзи зартæ, Нæуæг анзи арфитæ кæнунцæ. Хæдзари хецауæн сæ зæрдæ фæззæгъуй, цæмæй сæ лæг саг рамара, бицщеу ин райгура, æ хæдзари бæркад куд уа, алцæмæй дæр æнхæст куд уа. Уой фæсте си æрагорунцæ хуæрзеуæгæн хуни хай. Раттунцæ син къеретæ æма басилтæ. Хæдзари æфсийнæ син ку неци раттуй, уæд уайтæккæ бицщеутæ æндæр зар исесунцæ, растдæр зæгъгæй ба, раздæри зари дзурдтæ, гъудитæ усхъуммæ кæнунцæ, хæдзари хецау цæлæмбуд ке 'й, уой ин æ цæстæмæ бадарунцæ зари.



**Нодар БЕРДЗЕНОВ,**
*журналист*

Нæуæг анзмæ ирæнттæ берæ раздæр цæттæ кæнун райдайунцæ. Алли хæдзари æфсийнæ дæр æ аллибони куститæ ниуудзуй æма хъæбæрхуарæй уадзуй арахъ, цæттæ кæнуй бæгæни. Нæуæг анзи æхсæви дзоллагæй фицуй фуркъатæ æма хæдзайрон иннæ цæрæгойти сорæттæ: стортæ, бæхтæ, кæркитæ. Æфсинттæ еци куститæ ку фæккæнунцæ, уæд еци рæстæг хестæр нæлгоймæгтæ дæр фæскуст сæ дамбацатæ, хъæматæ æма æхсаргæрдтæ æнæдзоргæй райсунцæ æма сæ æнæдзоргæй кæдзос кæнун райдайунцæ. Зæронд анзæй, дан, тохæнгарзæй ести цъумурæй ку байзайа, уæд нæуæг анз нæбал фæббæззуй къохмæ райсунмæ: цауæни уа, æндæр гъуддаги си ку пайда кæнай, уæд тæссаг æй дæхе цардæн.

Фæстагмæ ралæууй Нæуæг анз. Æвваст райгъусунцæ топпити æма дамбацати гæрæхтæ. Алли гъæуи дæр искарз уй бæрæгбони æзгули. Æцæгæлон адæймаг бангъæлидæ, адæм фæдеси фæццæунцæ, зæгъгæ. Æхсæвæ сауæнгæ бонмæ нæ банцайунцæ гæрæхтæ.

Ирæнттæ Нæуæг анзи æхсæви гæрæхтæ фæккæнунцæ уæларвмæ Мæйæмæ гъавгæй. Æругæс си кæнуй, анз еу хатт – Нæуæг анзи æхсæвæ Мæйæн тæссаг ке фæууй циуавæрдæр залиаг хелагæй – уæларвон хелагæй, ку æй ранихъуæра, уомæй. Залиаг хелагæ Мæйæ ку ранихъуæра, уæд Зæнхæбæл цæйбæрцæ фидбилизтæ æрцæуздзæнæй, уой лæдæргæй æй ирæнттæ еумæ хъазауатонæй фæгъгъæуай кæнунцæ.

***Илья ЭРЕНБУРГ (1891-1967), советон финсæг: «Кавказ адтæй ковæндонау кæдзос, кадæ æма намуси бæстæ. Уæхæн æй абони дæр. «Нæхе Кавкази сæрбæлтау, нæ сæребари сæрбæлтау», – уотæ дзоргæй, уруссæгтæ æма украинæгтæ гъæуай кæнунцæ Терки билгæрæнттæ. Кавкази бæдæлттæ ба тохунцæ Сталингради æма Мурмански. Фæууинæн син ес Ленингради бунмæ æма Старая Руссæйи рази.***

*Хæтæгти Александри фурт Харитони цардвæндаги æма æ алæмæти тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй æ рæстæги берæ аллихузон æрмæгутæ финст æрцудæй. Уонæй абони равзурстан еу – советон доги нæ бæсти тæккæ цитгиндæр мухури фæрæзнитæй еуеми, «Литературная газета»-йи Н.Наумовæн 1972 анзи 21 июни ци очерк мухургонд æрцудæй, уой. Уæд ма Хæтæги-фурт цардæгас адтæй. Уотемæй си æвдист цæунцæ æ имисуйнæгтæ, æ сагъæстæ æма гъудитæ. Уомæ гæсгæ ба æрмæги медеси неци æййевæн, куд финст адтæй, уотемæй æй мухур кæнæн. Сæйрагдæр æй не 'хсаргин æмзæнхони рохс ном æримисун.*



**ХÆТÆГТИ Харитон (галеуæрдигæй æртиккаг) Устур Фидибæстон тугъди ветеранти 'хсæн. Къарæ ист æй редакций архивæй.**

# ÆХСАРГИН ÆРТÆ ÆСГАРÆГИ

## РАЙДАЙÆН

Кеймах Ильяй фурт Давид...

Федоров Петри фурт Николай...

Хæтæгти Александри фурт Харитон.

Æртæ коммунисти, æртæ тугъдон æсгарæги. Кеймах æма Федоров фæммард æнцæ фашистти нихмæ тохи. Хæтæги-фурт цардæгасæй исæздахтæй æ райгурæн Ирситонмæ.

Устур Фидибæстон тугъд æ тæккæ карзи ку адтæй, уæд аци æртæ æхсаргин лæги исæмбалдæнцæ, тугъди историй устур фæд ка ниуугъта, еци æсгарæг къуæрттæй еуеми. Уæди рæстæги 1942-1944 æнзти советон тугъдон æсгаргути багъудæй архайун тæккæ карздæр тугъдитæй еуеми. Тох сæйрагдæр цудæй, немуц ке байахæстонцæ, фал уæддæр знагæн сæттун ка нæ бакумдта, еци Мински къуар архайдта Мински – Барановичи – Осиповичи – Бобруйски – Жлобини – Калинковичи – Слуцки районти. Къуарæн кезугай разамунд лæвардтонцæ:

«Димæ» – Кеймах Ильяй фурт Давид. Одессæйаг косæг, фæстæдæр иссæй инженер. Партий иуонг 1929 анзæй.

«Дзæнгæрæг» – Федоров Петри фурт Николай. Ленингради облæсти Тихвини районти зæнхкосæги фурт. Сурх Æфсади афицер. Партий иуонг 1942 анзæй.

«Юсуп» – Хæтæгти Александри фурт Харитон. Зæнхкосæги фурт. Райгурдæй Цæгат Иристони гъæутæй еуеми. Каст фæцæй гъæууонхæдзарадон институт. Партий иуонг 1939 анзæй.

Операци райдæдта Мæскуй, «Центри»... Æсгаргути фиццаг къуар арæзт æрцудæй 1942 анзи уалдзæги. Æ командир адтæй Советон Цæдеси Бæгъатæр В.В. Щербина. Уомæн, гъулæггагæн, равгæ нæ фæцæй кæрæй-кæронмæ къуарæн разамунд дæттунæн, знаги нихмæ архайди рæстæг фæммард æй... Æма ихæстæ æхемæ райста Щербинай хуæдæййевæг Д. Кеймах, равардтонцæ ин ном «Димæ».

## «ДИМÆ» ИГЪОСУН КÆНУЙ «ЦЕНТРМÆ»

... **1942 анзи сентябри кæрони** «Дими» къуар архайдта барвæндонæй, æсгаруни куст кодта гитлеронти фæскъилдуни.

Тар гъæди сæ хуæдтæхæгæй ку æргæлстонцæ, уæд адтæнцæ фондземæй. Цубур рæстæгмæ сæ нимæдзæ исхъæрттæй фондзсæдей уæнгæ.

... Къуæрей бæрцæ æз кастæн, нерæнгæ дæр ма, дæс æма инсæй анзей фæсте цæстигагуй хузæн ке гъæуай кæнунцæ, «Дими» тугъдон радиограммити еци бæзгин киунугутæ. Еци игъосункæнуйнæгтæ æрвистонцæ Николай Золочевский æма иннæ радисттæ. Уойбæрцæ радиограммитæй æз равзурстон цалдæр.

**1942 анзи 25 сентябрь.** Минæ æ буни фехалдæй, уотемæй æбуалгъ мардæй фæммард æй хестæр лейтенант В. Щербина. Устур зиан нæбæл æрцудæй! Гæгъæдитæ бацæттæ кодтон Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ин раттуни туххæй (еци ном ин лæвæрд æрцудæй æ рамæлуни фæсте. – Ред). Косæн идарддæр. Корун æма нин рарвететæ тохæн æрмæг, минитæ, тохæнгарз.

**13 октябрь.** Мински аэродроми ес знаги 40 транспортон æма æсгарæг хуæдтæхæгей бæрцæ.

**24 декабрь.** Минскбæл Слуцки сосæ надмæ 40 мин фашистон салдати фæццæунцæ, зæгъгæ, еци хабар раст æй æви нæ, уой туххæй уæ фарстæн дзуапп дæттун, ке сæ нимадтан, æфсад сахарбæл ку цудæй, уæд. Нæ нимад раст ке æй, уобæл дзорунцæ, рейхскомиссаради штаби ци бæрæггæнæнттæ базудтан, етæ дæр.

**1943 анзи 26 февраль.** Мински фашисттæ еугурæйдæр сæ хæццæ дарунцæ противогазтæ. Оккупанттæй еу куд загъта, уотемæй фронт Минскмæ ку æрбахæстæг уа æма тæссаг уавæр ку исæвзура, уæд советон æфсæдти нихмæ Гитлер испайда кæндзæнæй газтæй. Гомелæй куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй исистадæнцæ дæс мин итайлаги æма венгриаги.

**8 мартъи.** Гитлеронтæ гъæуайкæнуйнадон фæрæзнитæ аразунцæ Мински, Могилеви районти... Минскбæл Нигуллæнмæ дæс эшелони рандæй, тохун сæ ке нæ фæндуй, уой туххæй хъадаматæ кæбæл бакодтонцæ, еци финддæс мин итайлагей хæццæ.

**11 мартъи.** Не 'сгаргутæ фехстонцæ Белоруссий национ-социалистон партий разамонæги.

**23 май.** Ци бæрæггæнæнтæ нæмæ ес, уонæмæ гæсгæ гитлеронти фронти штаб Смоленскæй æрбаййивтонцæ Минскмæ.

**30 июнь.** Æрветун уæмæ, 1942 анзи кæрони знаг фæсфронтмæ ке рагæлста, еци агентти номхигъд...

**1943 анзи кæрони** «Центр» «Димæн» бардзурд равардта Мæскумæ 'рбатæхуни туххæй. Фал «Димæ» Мæскумæ нæ бахъæрттæй: ци хуæдтæхæги тахтæй, уой фронти сæрмæ знаг æргæлста.

Къуарæн командæ кæнун райдæдта «Дзæнгæрæг».

## «ДЗÆНГÆРÆГ» ТОХ КÆНУЙ

Николай Федорови æма е 'ртæ агъазгæнæги, тугъдон тæлмацгæнæг Тимофей Зверькови, радисткæ Надеждæ Носковай æма æсгарæг Сергей Хренови 1943 анзи июни æхсæвигон парашюттæй æргæлстонцæ знаги фæскъилдун тар гъæди æрдози.

Фронти иннæ фарс тугъд уæди дзамани адтæй æ тæккæ карзбæл. Æфсæнвæндагæй еуварс дæрæнгонд цудæнцæ гитлеронти эшелонтæ Вильнойæй Минскмæ, Молодечнойæй Полоцкмæ нæдтæкбæл...

Е адтæй минертæ Юрий Волкови, Захар Кузяеви, Михаил Аминеви æма берæ æндæрти куст. Мински æфсæнвæндаги станцитæмæ еудадзугдæр, æхсæвæй-бонмæ, сæ гъос дардтонцæ нæ тугъдон æсгаргутæ. Майор Федоров æма æ тугъдон æмбæлттæ тар æхсæви æнæуæлдай æстуфæй ниццагътонцæ, совхоз «Лагаза»-йи ка æрбунат кодта, еци гитлеронти. Федорови къуари радио Мински алливарс гъæдæй аллибон дæр «Центрмæ» игъосун кодта берæ ахсгиаг бæрæггæнæнтæ.

Фал уæддæр «Дзæнгæрæг»-и сæйрагдæр гъуддаг адтæй Белоруссий гитлерон хецау – гаулейтер Вильгельм Кубейи рамарун. Белоруссаг адæми хорхбæлхуæцæг куд мард æрцудæй, уой туххæй берæ аллихузон æрмæгутæ финст æрцудæй. Гъулæггагæн, уонæй еуæй-еуети ес рæдудтитæ, сауæнгæ æримисгæ хабæрттæ дæр. Хецæн автортæ ирonхуати райзадæй, еци гъуддаг исаразæг советон тугъдон

## ХÆТÆГТИ АЛЕКСАНДРИ ФУРТ ХАРИТОН



Райгурдæй Цæгат Иристони Ольгинскийи гъæуи 1914 анзи 20 декабри. 1938 анзи каст фæцæй Дзæуæгигъæуи гъæуунхæдзарадон институт. 1939 анзи ба имæ фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Устур Фидибæстон тугъди тæккæ райдайæнæй фæстæмæ хъазауатонæй тох кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ – фиццаг фронти, фæстæдæр ба уотæ рауадæй, æма архайдта Белоруссий партизанти æмрæнгъæ, адтæй си къуари командир, кунæггæнæг-æсгарæг хаййи комиссар, минскаг оперативон Центри командири хуæдæййевæг. 1944 анзи ба ахур кодта æсгарæг афицертæ цæттæгæнæн Уæлдæр къурсити, æ фæууни фæсте ба æрвист æрцудæй Чехословакимæ. Æ агъазиау тугъдон æскъуæлхтитæмæ гæсгæ 'й партизанти командæкæнуйнадæ, цæмæй ин лæвæрд æрцудайдæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, фал цæмæдæр гæсгæ сæ еци курдиадæ æнхæстгонд не 'рцудæй...

Сурх æфсади рæнгъити службæ фæсте Хæтæги-фурт исæздахтæй Цæгат Иристонмæ. Куста республики гъæууон хæдзаради министради. 1947 анзæй 1954 анзи уæнгæ разамунд лæвардта кæркитæдарæн совхоз «Цæлыкк»-æн, цалдæр анзей дæргъи адтæй Даргъ-Къохи гъæусовети, уой фæсте ба Кирови районти æнхæсткоми сæрдар. Æвзурст æрцудæй партий Орджоникидзей райкоми фиццаг секретарæй. Берæ æнзти дæргъи разамунд лæвардта Цæгат Иристони гъæууон хæдзаради министрадæн. Хуарзæнхæгонд æрцудæй аллихузон паддзахадон хуæрзеугутæй, уони 'хсæн Сурх Турусай орден, I къæпхæни майдан «Устур Фидибæстон тугъди партизан», уæдта берæ æндæр ордентæ æма майдантæй, Кади гæгъæдитæй.

Хæтæгти Харитони Белоруссий партизанти еугонди разамунд æ рæстæги бæргæ бахастонцæ фæндæ, цæмæй ин лæвæрд æрцудайдæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, фал еци гъæугæ гъуддаг, гъулæггагæн, цæмæдæр гæсгæ æнхæстгонд не 'рцудæй...

Хæтæгти Александри фурт Харитон æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 2005 анзи. 2011 анзи ба, Хæтæги-фурт Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй (Бородинскийи гъæунгæ, 19), уой фарсбæл цитгин уавæри федаргонд æрцудæй æ кадæн мемориалон фæйнæг.

***Ленинградмæ бацæуæн нæдтæ гъæуай кодта Николай Джиния. Мæлгæ-мæлун е кастæй фæлорс цæгатаг арвмæ æма еци арв æхе Гурдзистони арвау иссæй хеуон. Гогашвили Клахо рамардта дæс немуцаги. Е загъта: «Сталингради фарсмæ æз Гурдзистони гъæуай кæнун. Цалинмæ мæ цæстæ æрттева, цалинмæ ме 'уæнгти тог цæуа, уæдмæ нæ ниууадздзæнæн мæ тох...»***

разведки афицер, æ мæлæти фæсте Советон Цæдеси Бæгъатæри ном лæвæрд кæмæн æрцудæй, еци майор Николай Федоров ке адтæй, е...

– Кубейи рамарун – уæхæн ихæс æвæрд æрцудæй Н. Федорови къуари рази, – имиста еци ахсгиаг операций туххæй æ архайæг Т. Зверьков. – Мински мах къуæрттæй еу разамонæг адтæй «Черная» – Мария Осипова. Фембæлди рæстæг Федоров «Черная»-йæн бафæдзахста хуæртæ Еленæ Мазаник æма Валентинæ Щуцкаяйи хæццæ бастдзийнадæ исаразун. Еленæ адтæй Кубей фатери æфснайæг силгоймаг. Мах æсгаргутæй гъуддаг уомæн беретæ лæдæрун кодтонцæ, фал некæмæн арази кодта, уомæн æма тарстæй гестапойæй. Фæстагмæ Мария Осиповайæн бантæстæй Елени «æртасун кæнун» æма исарази æй, æ хуæри Сурх æфсади командири хæццæ фембæлдмæ рарветунбæл. Еци командир адтæй Н. Федоров.

Гъуддаг адтæй хъæбæр вазуггин. Устур зинтæй магнитон минæ химион æгъдауæй косæг сахатти механизми хæццæ исамал кодтонцæ æма 'й равардтонцæ Мария Осиповамæ, е ба 'й фæстæдæр исæмбæлун кодта Еленæ Мазаникбæл. Райгъустæй, берæ кæмæ æнгъæлмæ кастæнцæ, еци исрæмугъд...

Хабар уайтæккæ «Центрмæ» фегъосун кодта «Дзæнгæрæг». Цалдæр боней фæсте Мæскуйæй Бегомли аэродроммæ æрбахъæрттæй хуæдтæхæг æма гъуддаг исаразгути Н. Федорови хæццæ еумæ фæлласта Мæскумæ.

Майор Федорови ирисхъæ идарддæр рауадæй уотæ: Мæскуй исаразтонцæ 'сгаргути нæуæг къуар æма 'й 1943 анзи декабри æргæлстонцæ сахар Ковели райони. «Дзæнгæрæг» райста нæуæг бæрнон ихæстæ. Берæ гъуддæгутæ исаразта еци зæрдæргъæвд командир, коммунист æма æсгарæг.

... Хабар æрцудæй 1944 анзи 17 апърели польшаг гъæу Войсковицемæ хæстæг. Уæззау тохи фæсте гитлеронтæ сæ тохæн бунæттæ ниууагътонцæ. «Дзæнгæрæг»-и æфсæддонтæ гъæди сæ фæллад исуадзунмæ æрбунæттон æнцæ. Æнæнгъæлти синхаг польшаг гъæутæй фæдеси æрбахъæрттæй еу зæнхкосæг:

– Фæйййервæзун нæ кæнетæ, æмбæлттæ! Германаг нин фудмиутæ кæнуй – адæми, бæхти, нæ фонс нин ласунцæ...

Гитлеронтæ 'рцудæнцæ дæрæнгонд, польшаг гъæу си фæйййервазтæй. Еци тугъди немуцаг нæмуги амæттаг фæцæй майор Федоров.

## КОМАНДÆ КÆНУЙ «ЮСУП»

Кубейи рамаруни фæсте 1943 анзи октябри майор Н. Федоровмæ нæуæг ихæстæ бафæдзæхсунмæ Мæскумæ ку фæдздзурдтонцæ, уæд къуари командирæй æвæрд æрцудæй «Дими» æма «Дзæнгæрæг»-и тугъдон æмбал – Хæтæгти Александри фурт Харитон. Е нуртæккæ цæруй Цæгат Иристони. Тугъдон æсгаргутæ 'й зудтонцæ «Юсупи» номæй. Е æй æцæг бæгъатæр, нифсгун адæймаг.

... «Юсуп» 1943 анзи октябрæй 1944 анзи мартъий уæнгæ берæ уæззау фудæбæнттæ бавзурста. Фашистон æфсæдтæ кæмити 'нцæ, уой бæрæг кæнун, знаги ахсгиаг гарнизонтæ дæрæн кæнун, «рельситæбæл тугъд»... Æсгарæн архайд æма æргом тугъд, знаги агентти æхсун æма цæгъдун, гитлеронти штабти æрбунæттон ун – еу дзурдæй, тугъд цудæй идарддæр...

– Æрæги æз иуазæгуати адтæн Мински,– дзоруй Хæтæгти Харитон. – Уоми нæ къуарæй беретæ 'нцæ: Золотухин косуй машинистæй, Пучковский иссæй юрист, санитаркæ Александрæ Стефанович нуртæккæ 'й дохтир, Лещинская Софья æма Мосевич Станислав дæр уоми 'нцæ... Фембалдан. Кæрæдземæ кастан, зæрдхъурмæй æримистан, ка фæммард æй, уони. Рæстæгæй-рæстæгмæ нигъгъос уианæ... Уæдта бабæй нæуæгæй дзорун райдайанæ. Нæ дзубандитæн кæрон нæ адтæй: «Гъуди ма кæнис, гъуди ма кæнис...» – раст магнитофон æрæвæрæ æма нæ къуари цардæгас истори финсæ...

– Æма еци историй, дæумæ гæсгæ, тæккæ сæйрагдæр ци адтæй? – фæрсун Харитони.

– Нæ партибæл, адæмбæл, Советон хецаудзийнадæбæл устур æууæнкæ... Цал æма цал анзи рацудæй, нæуæгæй бабæй ралæудтæй июнь, уæддæр имисæн «Дими», «Дзæнгæрæг»-и, ка фæммард æй æма æгас ка 'й, еци бæгъатæрти... Уæлахези сæрбæлтау æ цардбæл ка нæ аурста, уони сæ еугурейдæр. Иронх нæ 'нцæ æма сæ кæддæриддæр дардзинан нæ зæрдæбæл... Кæддæриддæр!

***Н. НАУМОВ,***
***«Литературная газета»,***
***21 июнь, 1972 анзи.***




**Мемориалон фæйнæг ХÆТÆГТИ Харитонæн, Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл.**

# КАДÆ КÆНУНÆЙ СИН ИХÆСГИН АН






Мæ абони дзубанди æй чиколайаг Тамати Дафай фурт Сулеймани туххæй. Устур Фидибæстон тугъди рæстæги куста æфсæддон комиссарæй Ирæфи районы. Æ кусти сæйраг ихæсмæ гæсгæ берæ фæсевæд рандæнцæ уой фæндарастæй немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгти нихмæ тохмæ. Е ин хъæбæр уæззау ихæс адтæй – берæ мадтæлтæ, сæ хъæболтæ кæмæн фæммард уиуонцæ тугъди будурти, етæ знаги цæстæй кæсун райдайиуонцæ Сулейманмæ. Бæргæ сæ лæдæрдтæй, бæргæ син тæрегъæд кодта, уæди уавæрти æндæр гæнæн нæ адтæй – æрбалæборæг знагæй гъæуай кæнун гъудæй нæ Райгурæн бæстæ.

Еу бон ба æ сæйгæ фидæн æ фæндæ раргом кодта:

– Æз дæр тугъдмæ цæун, бæргæ уин тæрегъæд кæнун... Фал æртигай, фæндзгай фурттæ кæмæй рандæй, етæ ба мадта ци кæнонцæ?.. Нийййергутæн бæргæ зин адтæй сæ фурти фæнди хæццæ исарази ун, фал æй лæдæрдтæнцæ, æма 'й рафæндараст кодтонцæ. Æма Сулейман æ кæстæр хуæри евгед ниууагъта æ нийййергути, уотемæй рандæй тугъди будурмæ.

Уæдмæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Чиколамæ дæр æрбахъæрттæнцæ. Адæм, ке бон куд адтæй, уотæ гъæдæмæ лигъдæнцæ, партизанти къуæрттæ аразтонцæ. Фал гъæубæсти медæгæ, гъулæггагæн, разиндтæй фудзæрдæ, знагæн ка агъаз кодта, уæхæнттæ дæр, худтонцæ сæ пъæлицайтæ. Еу бон Тамати хæдзарæмæ дæр, немуцаг афицери хæццæ еу уæхæн пъæлицай сæ разæй, уотемæй фæззиндтæнцæ. Мæгур сæйгæ лæги сæргъи 'рлæудтæнцæ æма 'й немуцаг фæрсун райдæдта, æ фурт кæми æй, уобæл. Дафа æй цума нæ лæдæрдтæй, уотæ æхе никкодта. Уæдмæ ин иннæ дууæ фашисти æ цæнгтæбæл фæххуæстæнцæ æма 'й æ хуссæнæй зæнхæмæ рагæлстонцæ. Мадæ æма кизгæ сæхе багæлстонцæ фиди размæ æма уони дæр еуварсмæ фехстонцæ. Пъæлицай размæ рацудæй æма сæмæ дзоруй:

– Уæ фурт афицер, коммунист ке 'й, уой зонæн æма, кæд партизанти командир æй, уæд ин фегъосун кæнетæ, цæмæй æхе ратта, кенæ ба уæ еугурейдæр ниццæгъддзæнæнцæ.

– Хуцау дин ма ниххатир кæнæд, ду фашисттæй фашистдæр дæ,– исдзурдта имæ Дафа.

– Банцайæ! Уæ власт фæцæй, нур ба мах власт уодзæнæй!

Еци дзурдти хæццæ Дафай хæрхæрæй æндæмæ радавтонцæ æма 'й хуæдтолгæмæ багæлстонцæ. Уоми ба ма адтæй дууæ æригон фæскомцæдесон кизги. Сæ нивæн, куддæр Кæсæги 'рдæмæ бахъæрттæнцæ, уотæ сæ нæхеуонтæ æхсун байдæдтонцæ, знæгтæ фæлледзæги æнцæ, æма уотемæй ахæститæ фæйййервазтæнцæ. Ке бон си куд адтæй, уотæ лигъдæнцæ, Дафай ба еу кæсгон хæдзарæмæ бахастонцæ, æма 'й уордæгæй ба сæхемæ уæрдунæй исластонцæ.

Ци æнзтæ фæццардæнцæ, етæ сæбæл райевгъудæнцæ сæ фуртмæ æнгъæл кæсгæй, кæд цардæгас æй, кæд фæстæдæр фæззиндзæнæй, зæгъгæ. Цæмæй зудтонцæ сæ фурт Сулейман сахар Новороссийск гъæуай кæнгæй, уордигон зæнхæбæл е 'носон бунат ке иссирдта, уой. Æ еунæг кизгæ ку фæгъгъомбæл æй, уæд ин æ фæд агорун райдæдта, алли рауæнтæмæ финстæгутæ æрвиста, фарста, нæ бафæлладæй, цалинмæ ин æ бæрæг нæ базудта æма нæ исбæлвурд кодта, кæми æвæрд æй æ тугъдон æмбæлтти хæццæ, уой. Сулеймани нийййергутæ раги рамардæнцæ (рохсаг уæнтæ...) сæ фурти исæздæхтмæ æнгъæлмæ кæсгæй, æ кизгæ дæр æ фæццæруни бæрцæ нæ фæццардæй, æ фæсте ниууагъта дууæ кизги. Хестæр кизгæ, æ фидæ кæми æвæрд æй, уоми Новороссийскмæ хæстæг поселок Мысхакой цæруй бийнонтæй. Æ бабай цирт ахид бабæрæг кæнуй, базелуй имæ, некæд æй иронх кæнуй. Сулеймани фарсмæ æвæрд æрцудæй еу æригон æфсæддон æма уой цирт дæр хеуони хузæн барæвдзитæ кæнун дæр ин бантæстæй. Хуцау си исарази уæд, æ бæдæлтти хортæй æфсес уæд!..

Нæ фидтæлти, æнсувæрти, мадтæлти бæгъатæрдзийнæдтæ ке некæд уодзæнæнцæ иронх айдагъ махæй нæ, фал Уæрæсей еугур адæмтæй дæр, сæ рохс нæмттæ æносонгонд ке цæудзæнæнцæ алкæддæр, уомæн æвдесæн æй е дæр, æма æрæги сахар Новороссийски гъæунгтæй еуемæн лæвæрд æрцудæй Тамати Сулеймани рохс ном. Мæнæ аци æмдзæвгæй дæр ерун нæ цитгин фидтæлти рохс нæмттæ.

## НÆ ЦИТГИН ФИДТÆЛТÆ

*Уарзон фидтæлтæ, нæ тугъдон*
*лæгтæ,*
*Уæ устур хъаурæй цитгин*
*иссайтæ*
*Кадæ 'ма намус бæрзæндти*
*хæсгæй,*
*Æгади бæсти мæлæт истайтæ.*

*Мах сæрбæлтау тугъди будури*
*Уæ къохти буни знаг*
*æуурстайтæ.*
*Абони цардбæл адзали тонхи*
*Уæ уодти хъаурæ нæ*
*аурстайтæ.*

*Æрдæгуалитæй ка исæздахтæй,*
*Куд цийнæ кодта æ зæрди*
*растæй.*
*Æ фиди фарнæ ке нæ фесавдæй,*
*Æ мæгур къæсмæ ке*
*исервазтæй.*

*Хъиамæти бæнттæ уæд*
*райдæдтонцæ,*
*Сæ фæллад цæнгтæ ку*
*бахадтонцæ.*
*Будури кусти сæ къеухед калгæй,*
*Сæ уæззау цæфтæ иронх*
*кæнгæй.*

*Мах уони хъиамæт куд феронх*
*кæнæн*
*Æностæмæ 'й нæ зæрди*
*хæсдзинан.*
*Сæ ездон бахудт, сæ фæлмæн*
*дзурдтæн*
*Цард-цæрæнбонти кадæ*
*кæндзинан.*

***ПЪИНТИ-МАЛИТИ Фатимæ,***
***Чиколай культури Галауани сувæллæнтти театралон еугонд «Сабий»-и разамонæг.***

*НÆ НÆУÆГАНЗОН АРФÆ: «Адæймаг нæуæг анзи хуарздзийнæдтæмæ æнгъæлмæ кæсгæй, тæккæ фиццагидæр фæббæллуй æнæнез унмæ. Аци анз нæ еци уавæрæй хъæбæр батухсун кодта, беретæн зиндзийнæдтæ бавзарун кодта. Æма еци уавæр, мæнæ ци анз фæндараст кæнæн, уоми байзайæд!..»*

**2025 АНЗ – ХЕЛАГИ АНЗ**

## ХЕЛАГИ СÆР ÆМА Æ КЪÆДЗЕЛÆ

Хелаги сæр æма æ къæдзелæ буцæу кодтонцæ, разæй си гъæуама ка цæуа, зæгъгæ. Сæр загъта къæдзелæн:

– Ду разæй цæунæн неци бакæндзæнæ. Уомæн æма дæбæл нæдæр цæстæ ес, нæдæр гъос.

Къæдзелæ загъта:

– Кæд мæбæл цæститæ æма гъостæ нæййес, уæддæр мæмæ ес хъаурæ, æма цæудзæнæн. Ду ба æнæ мæн еу къахдзæф дæр нæ бафæраздзæнæ искæнун.

Сæ дзубанди кæрæдзебæл нæбал бадтæй, æма рахецæн æнцæ. Къæдзелæ сæрæй ку фæххецæн æй, уæд ма еудзæвгарæ раудæй, уæдта зæнхискъуди бафтудæй æма уоми ниххаудтæй.

## ХОРГАЛМ ÆМА УЗУН

Кæддæр хоргалммæ корæг æрбацудæй узун, рæстæгмæ мæ дæ хæдзари бауадзæ, зæгъгæ. Хоргалм исарази æй. Узун хæдзайраг иссæй, æма уæдæй фæстæмæ хоргалми бæдæлттæ сæхецæн бунат нæбал ирдтонцæ, алкæддæр сæ узуни содзинттæ хъор кодтонцæ.

Уæд хоргалм загъта узунæн:

– Æз дæ ’рбауагътон рæстæгмæ. Нур дæ содзинттæй мæ бæдæлтти бон нæбал æй, æма ди корун: ардигæй рандæ уо.

Узун ин загъта:

– Кæд ескæмæй ести ресуй, уæд рандæ уæд, мæнæн ами дæр лæгъуз нæй.

## ХЕЛАГÆ ÆМА ЛÆГ

Мæгур лæг косунмæ фæцæйцудæй æма хелагæбæл исæмбалдæй. Хелагæ адæймаги гъæлæсæй исдзурдта лæгмæ: дæхебæл мæ исбурун бауадзæ, æма дин устур хуарз фæуууодзæнæн. Мæгур лæг ибæл бауæндтæй, æма ибæл хелагæ исбурдæй. Æхе æртухта лæги къобалæбæл, уæдта имæ дзоруй:

– Гъенур мæ хæссæ, хуæрзгæнæг хуарз кæми иссирдта, уордæмæ, кенæ ба дæ ниххорх кæндзæнæн.

Мæгур лæг дæр æй рахæссæ-бахæссæ кæнуй. Фал æй кумæ хастайдæ, уомæн неци лæдæруй. Уæд Уасгерги сæ размæ февзурдæй æма лæги фæрсуй:

– Кумæ цæуис?

– Мæнæ хелаги хæссун, хуæрзгæнæг хуарз кæми иссирдта, уордæмæ. Уасгерги хабар балæдæрдтæй æма загъта æхецæн: лæги фæййервæзун кæнон. Бакодта сæ еу устур дуари размæ æма хелагæмæ дзоруй:

– Æрбурæ. Мæнæ ами иссирдта хуæрзгæнæг хуарз.

Хелагæ æрбурдæй, æма ’й Уасгерги рамардта. Уæдта лæгæн уотæ зæгъуй:

– Нур æй кумæ фæххастайсæ, хуæрзгæнæг хуарз ку некæд иссирдта, уæд?

## ХЕЛАГÆ ÆМА ФИЙЙАУ

Хуæнхаг фиййау бонрæфти æ фонс дардта лæгæти. Æхуæдæг дæр æ фæллад уагъта уоми. Еу бон кæсуй æма лæгæти тарæй рабурдæй хелагæ. Фиййау æй рамарунмæ гъавта, фал æ фæндæ раййивта – гъæдин къоси ин æхсир æркодта. Хелагæ æхсир еугурæйдæр ку баниуазта, уæд æ цъухæй рагæлста сугъзæрийнæ æхца.

Фиййау уой ку фæуууидта, уæд бацийнæ кодта æма ин аллибон дæр æ цъаси рази къоси райвæридæ æхсир.

Еухатт фиййау исфæндæ кодта: «Гъæйдæ, хелаги рамарон, æ хуккойнæ ин фехалон æма еугур сугъзæрийнæ æхцатæ дæр мæн уодзæнæнцæ». Æрлæудтæй фиййау цъаси размæ æ лæдзæги хæццæ, гъæуай æй кæнуй. Еууæхæни хелагæ рабурдæй, фиййау æй лæдзæгæй æрцавта æма ин æ къæдзелæ рахаун кодта. Хелагæ райервазтæй æма æ цъаси бабурдæй. Еци цауи фæсте фиййау æ нифс нæбал бахаста хелаги цъасæ фехалунмæ. Æ маст ми есдзæнæй, зæгъгæ, æ фонси хезни бунат раййивта. Хелагæ ’й уæддæр иссирдта æма ин æ сувæллони авдæни ниххорх кодта. Фиййау æй базудта æма расагъæс кодта: «Айæ мин мæ фонси дæр фæцæгъдуни кæндзæнæй, уой бæсти æ хæццæ бафедауон».

Æрбацудæй фиййау, хелагæ кæми цардæй, еци лæгæтмæ. Хелагæ имæ рабурдæй æма ’й фæрсуй:

– Ци дæ гъæуй? Цæмæ ма æрцудтæ?

– Фæррæдудтæн, æма мин бахатир кæнæ!

– Не ’хсæн федуд некæдбал уодзæнæй. Æз мæ къæдзелæ уингæй мæ маст некæд бауорамдзæнæн, ду ба дæ сабийбæл сагъæс кæнгæй – де ’нæуинондзийнадæ. Уой бæсти ардигæй цæугæ дзæбæхæй æма ми дæхе гъæуай кæнæ.

Уæдæй фæстæмæ еци фудæнхи æнæуууæнкæдзийнадæ цæруй лæг æма хелаги ’хсæн.

## ХЕЛАГÆ ÆМА УАЛЛОН

Хелагæ хормæ гъазта. Уаллон æй рауидта æма ин æ дæргъæмæ бабæлдтæй. Æхе ивазун райдæдта æма иннæ уаллони фæрсуй:

– Æркæсай мæмæ, мæ лимæн, хелаги дæргъæн нæма дæн?

Е бахудтæй æма уотæ зæгъуй:

– Нæ, мæ лимæн, хелаги дæргъæмæ ма дæ берæ гъæуй.

Уаллонмæ гъулæг фæккастæй еци загъд æма загъта, мадта фæккæсай нуртæккæ, зæгъгæ. Æхе хъæбæрдæр райвазта æма дууæ дехи фæцæй.

Уой фæдбæл æмбесондæн байзадæй: «Уаллон хелагæбæл æхе барста æма фескъудæй…»

## УОСÆ ÆМА ХЕЛАГÆ

Еу мæгур лæг фудуоси ахæсти бахаудтæй: «Мæгур ан, неци косис, хæдзарæмæ неци хæссис!» «Нæ бæззис!» – æма æ цъухæй ци нæ исхауидæ, цинæ хузи уайдзæфтæ кæнидæ лæгæн. Бафæлладæй си лæг дæр æма хæдзарæй рандæй. Цæуй, цæуй… Берæ рацудæй, минкъий, ка ’й зонуй? Кæсуй æма нади хъæбæрбæл æртæ сугъзæрийнæ æхцай. Бацийнæ сæбæл æй æма фæстæмæ раздахтæй æ уоси зæрдæ балхæнунмæ.

Уосæ сугъзæрийнæ æхцатæ ку фæууидта, уæд æ цæститæ цæхæртæ ракалдтонцæ.

– Кæми дин адтæнцæ? – фæрсуй æй.

– Иссирдтон сæ, – загъта лæг.

– Кæми сæ иссирдтай? Æма си нæбал адтæй? Æгудзæг, лæгъуз, нецæййаг! Ду сæ еугурæйдæр нæ фæууидтай! Цæуæн æма сæ кæми иссирдтай, уой мин байамонæ! – загъд æма гъæри буни фæккодта лæги.



# ÆМДЗÆУИНТТÆ

***Исфæлдесæг зæнхи цъарæбæл цидæриддæр исуодæгас кодта, етæ цийфæнди фæйнæхузон кæд æнцæ, кæцидæртæ ба си кæрæдземæн фудгæнгутæ разиннунцæ, уæддæр син æмдзæуинттæ æнæ уæн нæййес. Зæгъæн, адæймаг æма хелагæ. Уони медастæу ци рахастдзийнæдтиæ исæвзурдуй, уой туххæй нæ адæмон исфæлдистади берæ таурæхътæ ес. Абони си мухур кæнæн цалдæр.***

– Цæуй æ фæдбæл лæг, æндæр гæнæн ин ци адтæй, æма гъудитæ кæнуй: «Айæ мæ æнæ сугъзæрийнæй хæдзарæмæ нæбал бауадзæнæй, æма ести æргъуди кæнун гъæуй». Æ зæрдæбæл æрбалæудтæй надгæрон еу сор цъай, æ фарсмæ устур дор: «Уордæмæ ’й ниххезун кæнон сугъзæрийнæ æхца æнгъæл, дор ибæл æрфæлдахон æма си фæййервæзон».

Уотæ бакодта мæгур лæг. Æхуæдæг фæстæмæ рараст æй æ хæдзарæмæ. Берæ нæма рауадæй, уотæ цъайи æнахур цъæхахст райгъустæй. Нæ бабæй имæ фæллæудтæй мæгури зæрдæ, фæттæрегъæд кодта æ уосæн æма цъаймæ ’рбалигъдæй. Дор куддæр райеуварс кодта, уотæ æ бунæй устур хелагæ рабурдæй. Лæг фæттарстæй æма æхе еуварсмæ фехста. Хелагæ имæ дзоруй:

– Тæрсгæ ма кæнæ! Ду дæ мæ ервæзунгæнæг. Аци цъайии æз райгурдтæн æма исгъомбæл дæн. Нур мæмæ еу уосæ бабурдæй, æма си дæ фæрци райервазтæн. Еу хуарз дин мæ бон æй ракæнун. Зæгъæ, ци дæ гъæуй?

– Неци, рауадзæ мæ мæ надбæл.

Лæг æрæздахтæй æ хæдзарæмæ. Еуæхæни адæмбæл райгъустæй: «Паддзахи кизги хелагæ ниййахæста, æма ’й ка фæййервæзун кæна, уомæн æй дæттуй уосæн паддзахади æмбеси хæццæ».

Лæг хелаги хабар ку фегъуста, уæд расагъæс кодта: «Кæд еци хелагæ ’й, уæд цæуон æма ’й фæууинон».

Паддзахи тургъæмæ ку бахизтæй, уæд идардæй цади билæбæл рауидта кизги, хелагæ ибæл æртухстæй, уотемæй. Хæстæг имæ еске ку бацæуй, уæд кизгæ ницъцъæхахст кæнуй, – хелагæ ’й æрбалхъевуй.

Лæг сæмæ хæстæгдæр ку бацудæй, уæд имæ хелагæ дзоруй:

– Рауай, рауай, еу хуарз гъуддаг ди дарун æма дин æй бафедон.

Лæг кизги размæ ку бацудæй, уæд хелагæ æхе райхалдта æма лæгæн уотæ зæгъуй: «Нецибал ди дарун. Дуккаг хатт ма мæмæ ку ’рбацæуай, уæд дæ хуæргæ кæндзæнæн».

Адæми цийнæн кæрон нæбал адтæй. Паддзах æ дзурд нæ фæссайдта. Лæг фæййервазтæй æ зинтæй, паддзахи галауани æрцардæй.

Еууæхæни бабæй иннæ паддзахадæй æрбайгъустæй: «Паддзахи кизги хелагæ ниййахæста, ка ’й фæййервæзун кæна, уомæн паддзах устур хуæрзтæ ракæндзæнæй».

Куд нæ фæттæрегъæд кодтайдæ лæг паддзахи кизгæн, ци базонун æй гъудæй, е ба еци хелагæ ке æй, æма ин æ бон неци адтæй. Фæдзæхсгæ ин кодта, дуккаг хатт ма мæмæ ку ’рбацæуай, уæд дин дæхе дæр хуæргæ кæндзæнæн, зæгъгæ. Фал ин æ сосæгдзийнадæ неке зудта, æма ’й адæм, уæлдайдæр ба æ уосæ, æнцад нæбал уагътонцæ, фæййервæзун æй кæнæ, зæгъгæ.

Раст æй мæгур лæг æ мæлæти надбæл адæми æфсæрмæй. Сæргубурæй æма уонтæхъæлæй. Фал еуæхæни цæугæ-цæун æ сæри февзурдæй еу гъуди. Æ зæрдæ си барохс æй.

Мæнæ æрбахæрттæй паддзахи тургъæмæ. Хелагæ ’й ку рауидта, уæд фурмæстæй æ цæститæ цæхæртæ ракалдтонцæ:

– Æз дин уотæ нæ загътон, дуккаг хатт ма ми ести ку корай, уæд дин дæхе хуæргæ кæндзæнæн!

– Коргæ ди неци кæнун, – сабургай исдзурдта лæг, – фæдеси дæмæ ’рбацудтæн. Еци уосæ цъайии сæрбæл дор рагæлста æма ардæмæ ’рбацæуй.

Хелагæ фæттарстæй, кизги фæуууагъдæ кодта æма гъæдæмæ нийййарц æй… Уоййадæбæл æхе некæдбал равдиста.

## АДÆЙМАГÆН ХУАРЗ КУ ФÆУУАЙ, УÆД ИН УОЙ ЦЕТУН СÆРМÆХÆСГÆ ГЪУДДАГ НÆЙ!..



# ДÆ ЛÆВАР – ДÆ УОДИКОНДИ ÆВДЕССÆН

***Адæймаг лæвар ракæнунмæ, дан, ка куд исарæхсуй, уомæ гæсгæ базонæн ес æ уодиконд. Æма мæнæ абони уой фæдбæл ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл æргомзæрдæй дзуæппитæ ратгæй, махмæ гæсгæ, алкедæр уи еуцæйбæрцæдæр хуæздæр базондзæнæй æхе дæр.***

**Ахиддæр фæллæвар кæнис:**

а) ести цæмæдесаг нæуæг дзаумау;

б) цæйбæрцæбæл лæдæрагæ дæ, уой ка бавдеса, уæхæн ести.

**Ескæд дæбæл уæхæн цау æрцудæй, æма…**

г) дæхуæдæг дæр «нæ» кæмæй нæ загъtaйсæ, уæхæн дзаумау лæвар кæнун;

д) ке барæвдудтай, е кæмæй фæкъкъæндзæстуг æй, уæхæн лæвар ракодтай;

в) конверти æвæрд æхца балæвар кæнун;

а+а) бæрæгбонмæ æнæ лæварæй бацæун.

**Цалдæр адæймагемæн дæ еци-еу рæстæги лæвæрттæ кæнун ку гъæуа, уæд:**

г) æхцай фæрæзнитæ сæрмагондæй радех кæндзæнæ æма син сæ æмхузон хæйттæгондæй байуардзæнæ;

б) хæстæгдæр дин ка ’й дæ зæрдæмæ, айдагъдæр уой банимайдзæнæ;

а) еске хæццæ еумæйагæй балхæндзæнæ æма уотемæй дæ фæрæзнитæ дæр еуцæйбæрцæдæр исфæстауæрцæ кæндзæнæ.

**Дæ кусти мизд æнхæстæй дæ цардæмбалæн (æмбалæн) лæвар искæнунбæл бахарз кæнун дæмæ куд кæсуй?**

г) раст;

д) дзубанди дæр ибæл нæййес;

а) æгæр берæ ’й;

б) æхуæдæг дæр мин уæхæн хъазар лæвæрттæ фæккæнуй;

в) дæ цардæмбали хæццæ радзубанди кæнæ, гъома, кæрæдземæн æфсæрмийаг нæ айтæ æма æргомзæрдæй æркæсуйнаг гъуддаг æй.

**Æнæ ести рæуагæ уогæй дин лæвар æлхæнгæ рауадæй?**

д) ахид;

в) ефстагмæ;

б) некæд;

а) уомæн уæн нæййес.

**Лæвар бацæттæ кæнуни размæ:**

г+г) базондзæнæ, циуавæр лæвармæ бæллуй, ке барæвдауйнаг дæ, е:

д) расагъæс кæндзæнæ, гъома, хъазар лæвар æ зæрдæмæ æнæмæнгæ фæццæудзæнæй;

а) расагъæс бал ибæл кæндзæнæ: лæвар кæнгæ ’й æви нæ;

б) рагъуди кæндзæнæ, уой фæсте лæвар ке ракодтай, дæ еци æгъдау дæмæ æрæздæхдзæнæй ести зæрдæхцæуæндзийнадæй;

в) иннетæ ци лæвæрттæ кæнунцæ, уой бал базондзæнæ.

**Нæуæг анзмæ лæвæрттæ ахиддæр фелхæнис:**

д) цалдæр бони раздæр;

б) дæхецæн дин ка ци искæндзæнæй, уой бал базондзæнæ;

а) куд гъæуа, уомæ гæсгæ;

в) декабри райдайæни;

г) рагацау зæрдæмæдзæугæ лæварбæл уни равгæ куддæр фæууа, уотæ.

**Лæвæрттæ æлхæнун дин æй:**

д) зæрдæхцæуæн гъуддаг;

в) æнæмæнгæ гъæугæ æнхæсткæнуйнаг гъуддаг;

б) æнæбари ихæс;

г) уæхæн фæткæ нин нæ фидтæлтæй ке байзадæй, уомæ гæсгæ;

а) сæри нез мин æй.

**Дæхецæн ихæсбæл нимайис:**

д+д) хеуонтæ, æмбæлттæн лæвæрттæ кæнун;

б+б) айдагъдæр гъæугæ адæймæгутæн кæнун лæвæрттæ;

г) æнæгъæугæ лæвар некæмæн кæнун;

д) феронх ун мæ хеуæнтти зæрдæбæлдарæн бæнттæ;

в) уой фæсте мин феддон ка уодзæнæй, уæхæн лæвæрттæ есунæй мæхе тиллеф кæнун.

**Дæ зæрдæмæ ци хузи лæвæрттæ хъæбæрдæр цæунцæ:**

а) æхца;

б) ести хъазар дзаумæуттæ;

д) деденгутæ;

г) зæрдæбæл ке бадарай, уæхæн ести;

в) ци уарзис, ести уæхæн.

н**Дæ лæвар æ зæрдæмæ ку нæ фæццæуа, уæдта:**

б) æндæр ескæмæн æй балæвар кæндзæнæ;

а) рауæйæ ’й кæндзæнæ;

в) дæхецæн æй ниууадздзæнæ;

г) дæхецæн зæгъдзæнæ: «Цæмæ ба ’й гæлдзон!»

* * *

Дæ дзуæппитæн ахиддæр дамугъа «а» ку равзарай, уæд е уой æвдесæн æй, æма къиндигомау адæймаг дæ. Царди аллихузон уавæрти дæр дин сæйрагдæр бунати æвæрд æй æхца. Хъæбæр æвæндонæй нивналис дæ дзиппæмæ ескæмæн лæвар æлхæнунмæ, уæлдайдæр ба дин «пайдайаг» ка нæ уа, уæхæн адæймагæн ести лæвар ракæнуни туххæй.

Дамугъа «б» ба уой амонуй, æма лæвæрттæ кæнун дин адæймаги барæвдауни æхцæуæндзийнадæ нæй, фал æнæбари ихæс, кæнгæ дин ке ’й, уомæ гæсгæ.

Дамугъа «в» ци дзуæппитæ амонуй, уони фулдæр хай ба уой амонуй, æма дæ лæвар хъæбæр ниццитгин кæнис.

Дамугъа «г» берæ ци дзуæппити æмбæлуй, е ба æй уобæл дзорæг, æма дæ лæвар æцæгæй зæрдæй ке кæнис.

Дамугъа «д» амонæг дзуæппитæ ба дзорæг æнцæ, æгæр характет ке дæ, æма уомæй хаттæй-хатт унгæги бакæнис дæ «ихæсгинти».

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Нæуæг анзи бæрæгбон цæмæй цæмæдесагдæр рауайа, уой туххæй æй фæммедесгундæр кæнетæ, мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, уонæбæл раст дзуæппитæ раттунæй.**

**1.** Советон доги сувæллæнттæн сæ фиццаг цонæгътæ адтæнцæ…

**2.** Йоулупукки, Пер-Ноэль, Баббо Натале – етæ еугурæйдæр æнцæ…

**3.** Кæрцæ айдагъ Метин бабабæл нæййес, фал ма…

**4.** Пластикæй конд къæразгæбæл фæууинæн ци нæбал ес?

**5.** Зумæги ахиддæр цæмæй фæгъгъазунцæ?

**6.** Зуймон фæззинд, еу инней æмхузæн кæми нæ фæууй?

**7.** Тæккæ фиццаг нæзи бæласæ кæми исфæлустонцæ?

**8.** Бæрæгбон еунæгæй ку ’рветай, уæд ци ниввæрун гъæуй фингæбæл

**9.** Нæуæг анзи æмбесæхсæви кæрæдземæн кæми раба кæнунцæ?

**10.** Кæци бæсти баст æй Нæуæг анзи бугъти хæццæ архайд?

**11.** Венгрий Нæуæг анзи фингæбæл маргъи фид цæмæннæ æвæрунцæ?

**12.** Нæуæг анзи кæци бæсти исрохс кæнунцæ нæдтæ?

**13.** Нæзи бæласæбæл авгин гъазæнтæ тæккæ фиццаг кæми садзун байдæдтонцæ?

**14.** Сенькæ, Санькæ æма Сонькæ зумæги кумæ ниххаудтæнцæ?

**15.** Нуриккон цонæгъ циуавæр æй?

**16.** Зуймон бæрæгбони циуавæр сæрдигон фæззинд æрцæуй?

**17.** Нæуæг анзи туххæй раковуни хуæдразмæ æнæгъæнæ бæстæн дæр ка райарфæ кæнуй?

**18.** Нæуæг анзи мадзали дресс-код æй…

**19.** Метин кизги райгурæн бæстæ ’й…

**20.** Метин кизги райгурæн бон…

**21.** Метин кизги фидæбæл нимад цæуй…

**22.** «Дудзæсгон бæрæгбон ци хонунцæ?

**23.** Кæци адæмихатт æррæсадзиуонцæ Метин лæги фарсмæ Метин уосæ?

**24.** Нæуæг анзи хузæн бæрæгбон ма фæууй?

**25.** Метин бабайæн ци хуарз ракæнун фæгъгъæуй, цæмæй дин лæвар радта, уой туххæй?

**26.** Дууæ хатти циуавæр бæрæгбон бæрæггонд цæуй?

**27.** Советон хецауадæ ци хузи æгъдау райййивта?

**28.** Францый æй нимайунцæ ниййерæгбæл, Германий ба изæдбæл…

* * *

**Нур ба уæ зонгæ кæнæн нæ газети 48-аг номери мухургонд фарстатæбæл раст дзуæппити хæццæ.**

1. Аристофан. 2. Кокаин. 3. Цайдан. 4. Тикис. 5. Петр Фиццаг. 6. Сумо. 7. Нартихуарæй.

## НОВОГОДНИЙ КАЛЕЙДОСКОП

# ПОЛУЧАТЬ ПОДАРКИ ПРИЯТНО, А ВОТ ДАРИТЬ...

### ПЛАНЫ НА ПРАЗДНИКИ

Почти 80% россиян с нетерпением ждут зимнего отдыха. Об этом свидетельствует опрос OneTwoTrip. При этом мнение о том, как лучше проводить зимний отдых, разделилось почти поровну: 50,9% респондентов выступают за расслабленный отдых, а 49,1% предпочитают отдыхать активно. Среди любителей спортивного отдыха 65,7% россиян предпочли лыжный спорт, а вот среди любителей размеренного отдыха царит единодушие – более 90% опрошенных рассказали о том, что хотели бы провести время на природе.

### ПОДАРКИ КОЛЛЕГАМ

Большинство россиян не будут дарить новогодние подарки коллегам и сослуживцам. Об этом свидетельствует опрос сервиса MoneyMan. 75,8% респондентов ответили, что не будут что-то дарить коллегам. Из тех, кто все же хочет порадовать коллектив на работе, большинство готовы потратить не более 1,5 тысяч рублей. На новогодних праздниках с коллегами вообще не общаются две трети опрошенных. Четверть поддерживают связь, а 7,3% даже проводят зимний отдых совместно с коллегами. При этом поддерживать общение более склонны молодые респонденты – большинство таких ответов пришлось на опрошенных моложе 30 лет.

### ПОДАРКИ: ЖЕЛАЕМЫЕ И РЕАЛЬНЫЕ

Почти треть россиян хотели бы получить на Новый год деньги. Об этом свидетельствует опрос сервиса «ЮMoney». 21% респондентов хотят получить смартфон, 11% и вовсе заявили, что лучший подарок – найти вторую половинку. Чуть меньше половины опрошенных при этом уже приобрели подарки своим друзьям и близким. А вот «Контур» исследовал, что именно россияне приобретают в подарок. Самыми популярными товарами оказались наборы ароматических свечей, наборы мужских носков из хлопка, наборы пробников реплик популярных духов и сладости.

*НÆ НÆУÆГАНЗОН АРФÆ: «Нæ кæстæртæ – нæ Иристони исонибон – нæ зæрдитæ нин рохс кæнунцæ се 'нтæстдзийнæдтæй ахури, наукон æма аййевадон исфæлдистади, адæмон хæдзаради еугур къабæзти фæллойнадон хъазауатæй!.. Æма син нæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй ник-ки æнтæстгиндæр уонцæ!..»*

## ЦИЙНÆЙДЗАГ АЙЙЕВ ДЗУРД ДÆР ФАРНÆХÆССÆГ ÆЙ ДЗИЛЛÆН!..



**ЕВГЕНИЙ ВАХТАНГОВИ ХÆДЗАРÆ-МУЗЕЙ**
**ДЗÆУÆГИГЪÆУ, АРМАЙНАГ ГЪÆУНГÆ, 2**



Нæуæг анзи райдайæни аййевадон царди ахсгиагдæр цаутæй еу æнæмæнгæ исуодзæнæй

Цæгат Иристони æскъуæлхт артисткæ

**ЦÆРИКЪАТИ Рими**

музыкалон-литературон спектакль

**«Агорагæ ерагæ 'й»**
**(«Ищущий всегда находит»)**

Уоми райгъусдзæнæнцæ зундгонд дигорон финсгути уадзимистæ, уæдта номдзуд уруссаг финсæг Антон Чехови ходæги радзурд дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй.
Спектакль фæууинуни равгитæ уин уодзæнæй 18 æма 19 январи.

Райдайæн 19 сахаттебæл.

## ХОДÆГИ ДЗУБАНДИТÆ – ЗÆРДРОХСГÆНÆГ ÆМА ЗУНДАМОНÆГ!..

# «Е ÆЙ УСТУР ИСКУРДИАДÆ!..»

* * *

Минкъий кизгæ æ мадæн агъаз кæнуй Нæуæг анзи бæрæгбони фингæ цæттæ кæнунмæ. Кард райста æма къалбас устур хæйттæй лух кæнуй. Æ мадæ ин бауайдзæф кодта:

– Кизгæ, тæнæгдæр хæйттæй сæ лух кæнæ!

– Æма æз уони мæхецæн лух кæнун.

* * *

**– Мæ мадæ, цæхуæн лæвар дæ гъæуй Нæуæг анзмæ?**

**– Тæккæ хуæздæр лæвар – дæ хуарз бæрæггæнæнтæ скъолай!**

**– Байрæги кодтай, мамæ, æз дин духи балхæдтон!**

* * *

Вовочки фæрсуй æ мадæ:

– Нæуæг анзи бæрæгбони фæсте æз адгийнаг нæбал хуæрдзæнæн, дæ фидæ ба æ тамаку думун ниууадздзæнæй. Ду ба?

– Æз ба, ка 'й зонуй, скъоламæ цæуын ниууадзон...

* * *

**– Мамæ, мамæ, нæ нæзи бæласæ цæфсуй!**

**– Нæ, цæфсгæ нæ кæнуй, фал тæмæнтæ калуй.**

**– Мамæ, мамæ, кæсай!.. Нæ къæразгæмбæрзæнтæ дæр тæмæнтæ калун райдæдтонцæ!**

* * *

– Нæ хъазар биццеу, Нæуæг анзмæ дин ци балæвар кæнæн?

– Танк, лего гъазт... æма мæ æртæ бони исуæгъдæ кæнетæ дæндæгутæ æхснунæй!..

* * *

**– Баба, ба 'й зонай, кæци поезд хъæбæрдæр æрæгæмæ кæнуй?**

**– Кæци, биццеу?**

**– Ду мин фарæ Нæуæг анзмæ зæрдæ кæмæй байвардтай, е!**

* * *

Минкъий биццеуæн Нæуæг анзмæ балæвар кодтонцæ куй сенбернар. Фал æй, мæгур æ бон, сувæллон нæ балæдæрдтæй: ке си кæмæн балæвар кодтонцæ, уой.

* * *

**– Папæ, мамæ дин дæ зæрдæ цæмæй фæхходун кодта?**

**– Лæдæрис æй, мæ кизгæ, Нæуæг анзи бæрæгбонмæ æз дæ мадæн норкити царæй конд шубæ балæвар кодтон, е ба мин дасæн лезвитæ.**

**– Папæ, æма дæу дæр норкитæй конд шубæ гъудæй?**

* * *

– Хуарз лæг, дæ уосæн бæрæгбонмæ балхæнæ деденгутæ!

– Æз уосгин нæ дæн.

– Мадта дæ уарзон кизгæн.

– Уарзон кизгæ дæр мин нæййес.

– Балхæнæ 'й мадта, уæхæн æнæмæтæ цард ке кæнис, уой туххæй.

* * *

**– Дохтир, дæ агъаз мæ багъудæй. Нæ лæг цидæр æнахур незæй фæссæйгæ 'й.**

**– Гъома?**

**– Æнæгъæнæ сахат ин мæ гъæститæ фæккодтон, е ба мæ, цума игъосгæ дæр нæ кæнуй...**

**– Хуарз уосæ, е нез нæй, е æй устур искурдиадæ.**

* * *

– Аци анз ма дин фæстаг хатт зæгъун: æфстау ми ци дæс мин соми райстай, уони мин уæддæр Нæуæг анзмæ гæсгæ фæстæмæ радтæ.

– Хуарз æй, фæстаг хатт ма мин ке зæгъис, е. Æндæра де 'хца коруни хабарæй мин мæ зæрдæ исцъæх кодтай.

* * *

**– Нæ лæг, зæгъай мин, аци анз циуавæр нæуæг модæ уодзæнæй?**

**– Æз си федарæй дууæ хузи пъолций зонун: фиццаг – дæ зæрдæмæ ка нæ фæццæуудзæнæй, уæхæн. Дуккаг ба – мæнæн мæ бон балхæнун ка нæ бауодзæнæй, уæхæн.**

* * *

Дууæ лæги бадунцæ финги уæлгъос:

– Дæ цæститæ ци ницъцъундæ кæнис, водкæ ку фæнниуазис, уæд?

– Мæ бийнойнагæн федар дзурд равардтон, æз аци ниуæзтæмæ кæсгæ дæр ке нæбал бакæндзæнæн, уой туххæй.

* * *

**– Не 'фсийнæ, нæ бор карк цидæр мæтъæл æй. Куд дæмæ кæсуй, ливзæ си искæнæн?**

**– Кæд ин уомæй æ зæрдæ барохс кæндзæнæ, уæд имæ мабал кæсæ...**

* * *

Фидæ дзоруй æ фуртмæ:

– Биццеу, мæ хор, равдесай мæмæ дæ бонуг.

– Мæхемæ нæй папæ, ме 'мбалмæ æй равардтон æ фиди тæрсун кæнунмæ.

* * *

**Трамваймæ уæззау хæссуйнæгти хæццæ бахизтæй рацæргæ силгоймаг. Фæсевæдбæл æ цæстæ радардта, æма си æ бунатæй ку неке базмалдæй, уæд загъта:**

**– Гæрр, аци вагони еу уосгор лæхъуæн дæр нæййес?**

**– Уосгортæ æма си киндздзон кизгуттæ бæргæ берæ ес, фал æ бунат хестæрæн ка ратта, уæхæн ба си, æвæдзи, нæййес, – загъта бæлццæнттæй еу.**

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 650. Заказ № 2818.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 26.12.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 26.12.2024.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.